



Lawoujòl ak Vaksen MMR la

FloridaHealth.gov • Depatman Sante Eta Florida (Florida Department of Health)

Lawoujòl se yon maladi respiratwa.

Lawoujòl afekte poumon ak kanal respiratwa yo. Li koze lafyèv, tous ak gratèl. Lawoujòl kontajye anpil, epi li kapab tiye ou.

Deyò peyi Etazini a, Lawoujòl se yon maladi komen,—men moun kapab pote maladi a nan peyi a lè yo yon vizite Etazini a.




Lawoujòl kapab tounen yon maladi grav.

Lawoujòl kapab grav, sitou pou tibebe ak timoun piti yo. Depi lane 2001–2013, 28% nan timoun yo ki poko gen laj 5 an ki te gen lawoujòl te gen pou entènè nan lopital pou jwenn tretman.

Pou kèk timoun yo, lawoujòl kapab lakòz:

- Nemoni, yon enfeksyon grav nan poumon yo
- Domaj nan sèvo pou tout lavi
- Vin soud
- Lanmò



Lawoujòl kontajye anpil.

■ Lawoujòl kapab pwopaje lè yon moun ki gen enfeksyon an respire, touse oswa entènèye.

■ Ou kapab vin malad avèk lawoujòl tou senpleman si ou nan menm sal la avèk yon moun ki gen enfeksyon an te ye—menm jiska 2 èdtan apre moun an fin deplase.

■ Yon moun malad ki gen gratèl oswa yon tous dwe mete yon mask nan figi yo lè yo pral chèche swen sante.

■ Preske tout moun ki pa t pran vaksen MMR la pral gen lawoujòl si yo ekspeze nan maladi a.



Vaksen MMR la se pi bo fason pou pwoteje tèt ou kont lawoujòl.

Vakse an pou lawoujòl, malmouton ak ribeyòl (MMR):

- Pwoteje pitit ou kont lawoujòl, malmouton ak ribeyòl.
- Anpeche pitit ou manke jou nan lekòl ak anpeche ou manke jou nan travay ou pou pran swen pitit malad ou a.
- Ede pwoteje kominote ou ak vwazen ou yo kont lawoujòl.



Pa gen danje lè ou pran vaksen MMR la.

Vaksen MMR la efikas nan prevansyon lawoujòl, malmouton ak ribeyòl.

Vaksen yo, tankou nenpòt medikaman, gen efè segondè yo. Efè segondè yo ki asosye avèk vaksen MMR la nòmalman lejè, tankou yon ti lafyèv oswa gratèl.

➡ **Vaksen MMR la preske 100% efikas nan anpeche lawoujòl.**

➡ **Adilt yo kapab bezwen yon vaksen MMR tou.**

Pale avèk founisè swen sante ou si ou gen kesyon sou vaksen MMR la oswa lawoujòl.

APRANN PLIS SOU VAKSEN MMR LA: kontakte depatman sante konte ou oswa ale nan sit wèb FloridaHealth.gov.